


EDUCATION A LA SANTE

FICHE PEDAGOGIQUE


| | |
|---|---|
| THEME : <i>L'alimentation</i> | SEANCE N° ' 1 ' |
| CLASSE : <i>2ème année fondamentale</i> | Les aliments |
| OBJECTIFS : <i>Les élèves doivent comprendre que les aliments permettent de Grandir et doivent savoir d'où ils proviennent.</i> | |
| DEROULEMENT DE L'ACTIVITE | OUTILS |
| <ul style="list-style-type: none"> • <u>Placer 5 enfants de tailles différentes devant la classe.</u> - Que constatez-vous ? • <u>Un élève vient les placer par ordre de grandeur puis demandez :</u> - Comment peut-on voir que l'on a grandi ? - Qu'est-ce qui t'aide à grandir ? - Que se passe t-il si on ne mange pas ? • <u>Posez aux élèves quelques questions :</u> - Qu'est-ce que l'alimentation ? - A quoi ça sert ? - Pourquoi doit-on manger ? - Quels aliments mangez-vous à la maison ? Demandez leur s'ils font partie <u>des animaux</u> ou <u>des plantes</u>. Ils citent d'autres aliments qu'ils connaissent mais qu'ils ne mangent pas souvent ou jamais. (Ils doivent les placer dans les 2 catégories.) • Distribuez aux élèves les 40 cartes représentant chacune un aliment. Sortez dans la cour. Demandez aux élèves de faire deux groupes. Ceux qui ont des cartes représentant des <u>plantes</u> et ceux qui ont des cartes représentant des <u>animaux</u>. • Demandez à chaque élève du <u>groupe « plantes »</u> de citer l'aliment de sa carte et d'expliquer son origine : (Où pousse-il ? Est-ce un fruit ou un légume ?) Puis chaque élève doit se répartir en sous groupes (fruits et légumes). • Demandez à chaque élève du <u>groupe « animaux »</u> de citer l'aliment de sa carte et d'expliquer son origine ; (Où vit-il ? Sur terre ou dans l'eau ?) Puis chaque élève doit se répartir en sous groupes (terre et eau) • Demander à chaque groupe de citer d'autres aliments qui ne sont pas représentés sur les cartes et de les placer dans une des 2 catégories. (Plantes / animaux) | <p style="text-align: center;"><i>Jeu de cartes</i></p> |



EDUCATION A LA SANTE

FICHE TECHNIQUE


| | |
|---|-------------|
| THEME: <i>L'alimentation</i> | SEANCE N° 2 |
| CLASSE: <i>2^{ème} année fondamentale</i> | ANNEXE 2 |



EDUCATION A LA SANTE

FICHE PEDAGOGIQUE


| THEME: <i>L'alimentation</i> | SEANCE N° (3) |
|---|---|
| CLASSE: <i>2ème année fondamentale</i> | Les groupes d'aliment: 2 |
| OBJECTIFS: <i>Les élèves doivent comprendre l'importance d'une alimentation équilibrée.</i> | |
| DEROULEMENT DE L'ACTIVITE | OUTILS |
| <ul style="list-style-type: none"> • Commencer par le chant appris à la séance précédente. - Que dit la chanson ? - Pourquoi doit-on manger trois sortes d'aliments ? • Rappel : Quels sont les trois groupes d'aliments ? A quoi servent-ils ? Qu'est-ce qu'un repas équilibré ? • Distribuer à chaque élève une carte représentant un aliment. Sortez dans la cour et délimitez trois espaces. (Un espace "aliments de construction", un autre "aliments de protection" et un dernier "aliments énergétiques".) • Enoncer le nom de chaque aliment représenté sur les cartes. A l'appel de son aliment, l'élève doit venir se placer dans l'un des trois groupes. Il explique ses raisons. Les autres élèves valident son choix. • Chaque élève est réparti dans un « groupe aliment ». Proposer un repas équilibré avec différents aliments des cartes tout en expliquant ce qu'il faut pour pouvoir faire un repas équilibré. A l'appel des aliments, les élèves se rassemblent et forment un petit groupe.(repas équilibré) • Les élèves de ce groupe « repas équilibré » retournent dans leurs groupes respectifs « groupe aliment » • Un élève propose un repas équilibré. Il décide de ce qu'il veut manger et à l'appel des aliments choisis, les élèves reforment un groupe « repas équilibré » • Ainsi de suite, plusieurs élèves peuvent proposer un repas. • Expliquez à chaque fois l'importance de manger ces différents aliments chaque jour. • Terminer la séance par le chant « Twa kalite manje » | <p style="text-align: center;"><i>Chant</i> <u>Annexe 3</u></p> <p style="text-align: center;"><i>Jeu de cartes</i></p> <p style="text-align: center;"><i>Noms des aliments</i> <u>Annexe 2</u></p> <p style="text-align: center;"><i>Chant</i> <u>Annexe 3</u></p> |



EDUCATION A LA SANTE

FICHE TECHNIQUE


| | |
|---|-------------|
| THEME: <i>L'alimentation</i> | SEANCE N° 4 |
| CLASSE: <i>2^{ème} année fondamentale</i> | ANNEXE 4 |



PWEZI

LAVI TIPÒL AN DANJE

LA VI TI PÒL AN DANJE
LI PA GEN LA SANTE
MANJE LAKAY SA RA ANDIL
KÒ LI SA VI-N FRAJIL
TI PÒL TOUJOU ATRISTE
TI PÒL PA SA JWE
L PA SA ETIDYE
TI PÒL BIJO KOUCHE
PASKE-L PA JWEN-N TWA KALITE MANJE



EDUCATION A LA SANTE

FICHE TECHNIQUE

| | |
|---|---------------|
| THEME: L'alimentation | SEANCE N° '5' |
| CLASSE: 2^{ème} année fondamentale | ANNEXE '5' |



ISTWA

Vwala te gen yon ti fi ki rele Jozefin li te gen 9 an, li rete nan yon bèl kay pay ansanm ak manman -l, papa-l, tou prè kote-l te lekòl la. Jozefin se yon inik fi li ye nan fanmi an. Li toujou al lekòl byen kokèt. Papa-l ak Manman-l renmen-l anpil.

Men, chak fwa yo fi-n manje yo kite rès manje pou li, malgre vant li toujou plen. Li toujou sere manje yo, anba yon bifèt pou-l manje chak maten anvan-l al nan dlo. Men, chak fwa la-l pran manje-a, li toujou jwenn kouvèti ki te kouvri manje-a tonbe bò kote asyèt la.

Li di : « mesye ! mouche ravèt ak sourit gen lè konn pase manje-m yo vizit. Mwen mèt kouvri yo byen kouvri, mwen jwen yo dekouvri ».

Malgre sa Jozefin toujou manje manje yo san li pa janm pase yo sou dife. Yon bon jou, manman jozefin poze-l kesyon li di : « Jozefin, èske ou konn pase manje yo sou dife anvan ou manje yo ? »


Jozefin repon-n « wi Manman ».


Vwala yon jou, Jozefin paka kenbe ankò, li tonbe malad . Li gen yon sèl dyare ki deklare sou li ak yon vant fè mal plis pase 9 jou.

Jozefin tonbe kriye epi li di manman-l. : « Pinga se paske-m toujou manje , manje yo san-m pa pase yo sou dife avèk bèt ki pase ladan yo a, ki fè-m malad konsa ».

Manman Jozefin sezi li tranble. Li di : « an an !! Kon'w Toujou di-m ou toujou pase manje yo sou dife se te manti. E ! byen pitit mwen, se tout mikwòb sa yo wi kap fè ou malad konsa. A pati de jodi-a rès manje fini pou-ou nan kay sa-a. »

Depi lè-a yo fè remèd pou li, li pa janm gen dyare ak vant fè mal ankò.






EDUCATION A LA SANTE

FICHE TECHNIQUE

| | |
|---|-----------|
| THEME: <i>L'alimentation</i> | SEANCE N° |
| CLASSE: <i>2^{ème} année fondamentale</i> | ANNEXE |




Vitamin A se yon bagay

Tout moun dwe genyen nan kò-l
Si nou vle ti moun nou byen manje
Se pou n ba yo Vitamin A
Si yon moun manke vitamin A
Lap genyen pwoblèm ak je

II

Men manje ki gen Vitamin A
Tout legim ak fwi ki jòn
Abriko, joumou, kawòt, mango
Papay avèk fig mi (bis)



QUESTIONS EVALUATION ALIMENTATION

(ID jean Rabel)

(matériels nécessaires : cartes dessinées représentant divers types d'aliments)

Pou ki sa nou dwe manje ?

Konbyen fwa nou dwe manje chak jou ?

Site twa group manje ki ekziste ?

Ki jan-w kapab wè yon manje sal ?

Bay senk non manje ki sòti nan latè ?

Bay senk non manje ki sòti nan zannimo ?

Fè 2 repa ke-w ka jwen-n 3 group manje yo nan chak ?

Bay 3 fason ke yo ka pwoteje manje yo ?

Pou ki sa-n dwe pwoteje manje yo ?

Ki sa-m pa dwe jan-m bliye fé avan-m manje ?

Ki sak ede-w grandi ?

Ki sak ka rive-m si-m pa manje ?

Kisa alimantasyon an ye ?

Pou ki sa manje konstrikté yo bon ?

Pou ki sa manje pwotekté yo bon ?

Pou ki sa manje enéjetik yo bon ?

Pou ki sa-n dwe manje yon manje ki ekilibre ?

Sa sa vle di yon manje sal ?

Ki jan-w kapab wè yon manje sal ?

Ki sak kapab sal yon manje ?

Ki sa kap pase-n si nou manje yon manje ki gen mikwob ?

^Ki konpòtman-m dwe genyen ak manje ki gen mikwòb ?

Ki sa-n dwe fè pou-n pa mete mikwòb nan manje nou yo ?

Kòman-n ka konsève manje yo ?

Ki sak ka rive-n si nou pa respekte pwensip sou pwopte manje-n yo ?

Sité 4 pwensip sou pwopte manje yo ?

Ki sa-n bezwen pou yon repa ka ekilibre ?

Manje konstrikte yo, éske se yo ki bay kò-a fòs ?

Eske aran se you-n nan manje ki ka bay fòs ?

Nan ki gwoup manje poul sòti ?

Nan ki gwoup manje zoranj sòti ?

Nan ki gwoup manje diri sòti ?

Nan ki gwoup manje kawòt yo sòti ?

(Utiliser des cartes dessinées représentant divers types d'aliments) :

MANJE KONSTRIKTÈ Nan ki gwoup manje aliman sa-a ye ?

MANJE PWOTEKTÈ Nan ki gwoup manje aliman sa-a ye ?

MANJE ENÈJETIK Nan ki gwoup manje aliman sa-a ye ?

QUESTIONS EVALUATION ALIMENTATION ID Jean Rabel

1/ Pourquoi doit-on **manger** ?

Pou kisa nou dwe manje ?

Nou dwe manje pou pa mouri e pou nou kap rete an sante

2/ Combien faut-il faire de repas par jour ?

Konbyen fwa nou dwe manje chak jou ?

Nou dwe manje 3 fwa pa jou.

3/ Quels sont les trois groupes d'aliments ?

Site twa group manje ki ekziste ?

Konstitè, enèjetik, pwotektè

4/ Citez 5 aliments qui proviennent des plantes ?

Bay senk non manje ki sòti nan latè ?

Bannann, blé, mayi, diri, yanm

5/ Citez 5 aliments qui proviennent des animaux ?

Bay senk non manje ki sòti nan zannimo ?

Vyann, pwason, roma, lanbi, crab.

6/ Composer 2 repas équilibrés ?

Fè 2 repa ke-w ka jwen-n 3 group manje yo nan chak ?

1 repa : vyann ; mayi zoranj

2 repa : aran bannann, epina

7/ Citez 3 façons de protéger les aliments ?

Bay 3 fason ke yo ka pwoteje manje yo ?

Pa mete manje atè pou zannimo pa manje nan yo

Kouvri manje yo pou mouch pa tonbe nan yo

Pa mete manje nan asyèt ki sal

8/ Pourquoi doit-on protéger les aliments ?

Pou ki sa-n dwe pwoteje manje yo ?

Paske lè ou pwoteje manje ouap manje li pèmet ou rete an bon sante.

9/ Qu'est-ce que je ne dois jamais oublier de faire avant de manger ?

Ki sa-m pa dwe jan-m bliye fé avan-m manje ?

Ou pa dwe janm bl ave men ou anvan ou manje.

10/ Qu'est-ce qui t'aide à grandir ?

Ki sak ede-w grandi ?

Tout manje konstriktè yo tankou : lèt vyann, ze , aran,pwason, krab, fromaj,roma, lanbi ek

11/ Que se passe t-il si je ne mange pas ?

Ki sak ka rive-m si-m pa manje ?

Si m pa manje map mouri.

12/ Qu'est-ce que l'alimentation ?

Kisa alimentasyon an ye ?

Yon alimantasyon se tout sa w manje ak tout sa w bwè.

13/ A quoi servent les aliments constructeurs ?

Pou ki sa yo bon manje konstrikté yo ?

Manje konstriktè yo se yo minm ki konstrwi ko a ki pèmèt vyann pouse sou ko a e ki fè zo timoun yo alonje.

14/ A quoi servent les aliments protecteurs ?

Pou ki sa yo bon manje pwotekté yo

Manje pwotektè yo pèmèt ko a rete an sante, pou pa malade.

15/ A quoi servent les aliments énergétiques ?

Pou ki sa yo bon manje enéjetik yo ?

Manje enéjetik yo bay ko a fos, li pèmèt ou jwe, etidye, travay ?

16/ Pourquoi doit-on manger équilibré ?

Pou ki sa-n dwe manje yon manje ki ekilibre ?

Paske n beswen manje byen pou ko a kapab byen fonktyone.

17/ Qu'est-ce qu'un aliment souillé ?

Sa sa vle di yon manje sal ?

Yon manje sal se yon ki pa bon pou manje.

18/ Comment reconnaît-on un aliment souillé ?

Ki jan-w kapab wè yon manje sal ?

Ou kap wè yon manje sal : lè li tonbe an pouriti, lè li gen movèz odè,lè li pa bon pou manje.

19/ Qu'est-ce qui peut souiller un aliment ?

Ki sak kapab sal yon manje ?

Sak kapab sal yon manje : ravèt, mouche, sourit, cochon,lè li nan yon veso ki sal.

20/ Que se passe t-il si nous consommons des aliments souillés ?
Ki sa kap pasé-n si nou manje yon manje ki gen mikwob ?
Si nou manje yon manje ki gen mikwob lap fè ou malad.

21/ Quel comportement dois-je avoir face aux aliments souillés ?
`Ki konpòtman-m dwe genyen ak manje ki gen mikwòb ?
konpotman w dwe genyen ak yon manje ki gen mikwob, se pa manje l.

22/ Que devons nous faire pour ne pas souiller les aliments ?
Ki sa-n dwe fé pou-n pa mete mikwòb nan manje nou yo ?
Ou dwe kouvri manje ouap manje pou mouch pa tonbe ladan l
Lave men ou anvan ou manje
Pa mete manje ouap manje atè.

23/ Comment peut-on conserver les aliments ?
Kòman-n ka konsève manje yo ?
Si se vyann pase l sou dife, sale l mete l nan solèy ou byen mete l nan frijidè.
Si se yon manje ki kri, mete l yon kote bèt paka rantre ladan l.

24/ Que se passe t-il si nous ne respectons pas les règles d'hygiène
alimentaires ?
Ki sak ka rive-n si nou pa respekte prensip sou pwopte manje-n yo ?
Si nou pa respekte prensip sou pwopte manje yo ouap gen : vant fè mal, vè ak
dyare.

25/ Citez 4 règles d'hygiène alimentaire ?
Sité 4 pwensip sou pwopte manje yo ?
Lave men w anvan ou manje,byen kraze manje a, netwaye tab retire asyèt sal
yo,kouvri manje ouap manje.

26/ Que faut-il pour qu'un repas soit équilibré ?
Ki sa-n bezwen pou yon repa ka ekilibre ?
Ou beswen youn nan chak gwoup manje yo.

27/ Les aliments sont-ils des aliments qui donnent de la force ?
Manje konstrikte yo, éske se yo ki bay kò-a fòs ?
Non !Manje konstrikte yo konstrwi ko a .

28/ Est-ce que le hareng fait partie d'un aliment qui donne de la force ?
Eské aran se you-n nan manje ki ka bay fòs ?
Non ! Aran se yon manje ki konstrwi ko.

29/ Dans quel groupe d'aliments appartient le poulet ?
Nan ki gwoup manje poul sòti ?
Poul soti nan gwoup manje ki konstwi ko.

30/ Dans quel groupe d'aliment appartient l'orange ?
Nan ki gwoup manje zoranj sòti ?
Zoranj soti nan gwoup manje ki pwoteje ko.

31/ Dans quel groupe d'aliment appartient le riz ?
Nan ki gwoup manje diri sòti ?
Diri soti nan gwoup manje ki bay fos sa nou rele enèjetik.

32/ Dans quel groupe d'aliment appartient les carottes ?
Nan ki gwoup manje kawòt yo sòti ?
Kawot soti nan gwoup manje pwotektè.